Ассаламу гІалайкум!

ГУМБЕТОВСКИЙ РАЙОН 1928

www.gumbet_smi.ru
Газета бахъизе
байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 37 (6277) 10 сентябрь 2012 с. Итни Шаввал 1433 с. Багьа 2 гъур.

# Баркула!




**Гьале исана 2 нухалдаги Дагъистаналда к1одо гьабизе буго Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къо. Дагъистаналъе ва дагъистаниязе жакъа ц1акъго х1ажат буго цолъи. Дагъистаналъул тарихалда г1емер руго х1ужаби, сундухъго балагьич1ого, киналго миллатал цолъун, цо хъизан г1адин цадахъги рахъун цолъун ч1еялъул. Гьеле гьелъ к1веч1о лъиданиги Дагъистан мук1ур гьабизе. Цолъи гьеб бук1ана нилъер къиматаб бечелъилъун. Жакъасеб Дагъистаналъул халкъазе цолъи ккола, Дагъистаналъул жамг1ият цолъи, социалиябгун экономикияб рахъ цебет1ей, х1инкъи гьеч1олъи ц1уни ва гвангъараб бук1инеселде гали т1ами, нилъер наслабазе цогояб, эркенаб ва т1егьалеб Дагъистанги ц1уни.**

**Рак1-рак1алъ баркула киналго районцоязда Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къо. Рак1 ч1араб буго нужер щивас Дагъистаналда цолъи бук1инабиялда гъорлъ жиндирго бут1а лъелин. Гьарула нужее щулияб сахлъи, рекъел, парахалъи ва талих1.**

*«Гумбет район» муниципалияб районалъул бет1ер*
*М. Мух1амадг1алиев,*
*Райадминистрациялъул бет1ер Г1. Г1абдулкъадыров*

# Школазда - Лъаязул къо

1 сентябрь – Лъаязул къо кидаго г1адин рохалида т1обит1ана нилъер районалда. Гьеб къо гьедин рохалида ва берцинго т1обит1иялъе районалда гьабуна цо къадаралъул х1алт1и. Щибаб школалде районалъул администрациялъ вихьизе гьавун вук1ана жидерго вакил. ОВДялъул начальникасул приказалда рекъон, полициялъул х1алт1ухъабаз жидерго х1алт1и г1уц1ун бук1ана гьеб рохалилаб байрам берцинго нухда иналъе. 2012 соналъул 1 сентябралда районалъул киналниги школазде рач1ана 2 – азарго г1анасеб лъимер, гьезда гьоркьосан 176 – 1 классалде.

Байрамалда к1алъазе рахъарал администрациялъул вакилзабаз, школалъул х1алт1ухъабаз аслияб к1вар буссинабуна г1олеб г1елалъе бит1араб тарбия кьеялде. Тарбиялъе кьуч1 лъолеб, гьелъулъ бищунго к1вар ц1ик1к1араблъун хъизан бук1ине, ва эбел-инсуца лъималазул тарбиялъулги гьединго лъаялъулъги хасаб бак1 кколеблъи бук1ана к1алъаязулъ маг1на. Ц1алдохъабазе киназго гьарана эбел-эменги, росу-жамаг1атги рохарал лъик1ал къиматал ва г1умрудулъ ч1ах1иял бергьенлъаби.



Ч1иркъат1а школалъул 1 классалъул ц1алдохъаби

# Лъик1аб х1алт1иялъе-т1адег1анаб къимат

*5 сентябралда Дагъистаналъул Президент М. Мух1амадовас гъулбасана № 148 Указалда. Гьеб Указалда рекъон Дагъистаналда муг1рузул районазда гьоркьоб бак1алъул самоуправлениялъул х1алт1иялъулъ 2011 соналъул х1асилазда рекъон, нилъер районалъул бак1алъул самоуправлениялъ гьабураб х1алт1и г1аммаб хал гьабиялъул х1асилалда рик1к1ун буго лъик1аблъун ва лъик1ал х1асилал кьураблъун. Президентасул Указалда рекъон муг1рузул районазда гьоркьоб призалъулал бак1ал ккуна: Леваши, Гумбет, Курах районаз.*

*Гьелъул х1асилалда нилъер районалъе щвана к1иабилеб бак1 ва грант – 1 млн 453 аз. гъурущ.*

*Районалъул нухмалъулез гьеб бергьенлъи рик1к1унеб буго районалъул кинабго актив, росдал жамаг1атал, киналго районцояз цадахъ рекъон гьабураб х1алт1ул х1асиллъун.*

*Баркула киналго районцозда нилъер цадахъаб х1алт1иялъе кьураб ц1ик1к1араб къимат!*

## Доклад начальника Управления образования Гумбетовского района М.Б. Курамагомедова на августовском совещании работников образования района 30 августа 2012 года

Выступая на 6 съезде Всероссийского педагогического собрания, В.В.Путин привел слова русского философа, ректора Московского университета Сергея Николаевича Трубецкого - **«В школе - все будущее России».** В этой связи развитию образования уделяется повышенное внимание на всех уровнях власти.

Национальная образовательная инициатива «Наша новая школа» определила в качестве одного из основных направлений развития общего образования **переход на новые образовательные стандарты.** Введение федерального государственного образовательного стандарта начального общего образования – это не только нововведение для первоклассников и учителей начальных классов - дан старт системному изменению образования в целом.

С 1 сентября 2011 года все 186 первоклассников начали обучение по ФГОС начального общего образования, и каждый из них был обеспечен полным комплектом бесплатных учебников и учебной литературы.

Новый стандарт предъявляет и новые требования к учителю. Одним из самых важных и сложных является подготовка квалифицированных кадров для введения ФГОС начального общего образования. Системно-деятельностный подход, который лежит в основе стандарта, требует перестройки учителем начальной школы своей педагогической практики (зачастую многолетней), интенсивного освоения средств обучения и современных образовательных технологий.

В 2011 году 14 учителей начальных классов ( 70 процентов учителей 1 кл.), 4 руководителя ОУ и 4 заместителя директоров школ прошли курсы повышения квалификации для работы по федеральному государственному образовательному стандарту на базе Дагестанского института повышения квалификации педагогических кадров, Дагестанского государственного педагогического университета.

Два педагога прошли курсы повышения квалификации в Москве, в Академии повышения квалификации и переподготовки работников образования. В течение учебного года Управлением образованием оказывалась учебнометоди-ческую помощь учителям начальных классов в освое-нии нового содержания начального образования (семинары, разработка методических рекомендаций и т.д.). Проводились открытые мероприятия для учителей начальных клас-сов и руководителей образовательных учреждений.

По итогам учебного года выявились и первые результаты введения стандартов. Изменяется характер деятельности учащихся: он становится исследовательским, повышается доля самостоятельной работы на уроке. Учителя стремятся к повышению квалификации и своего профессионального уровня, освоению новых технологий и средств обучения.

Все перечисленные изменения положительно влияют на качество образования в начальной школе.В ходе перехода на новые стандарты школы, учителя и одители столкнулись с определенными проблемами, имеются спорные моменты.

Главная проблема - это недостаточная подготовленность педагогических кадров. Педагогам начальной школы надо научиться преподавать по-новому. Если педагог раньше учил детей умениям и навыкам, то теперь он должен развивать компетенции, а это разные вещи. Многие учителя начальных классов не справляются с программным материалом, забывают о новых требованиях. Поэтому учителям придется переучиваться. А учителям в возрасте, это сделать будет непросто.

Вторая проблема - это организация внеурочной деятельности. Образовательный стандарт предполагает введение в первом классе занятий во второй половине дня - внеурочной деятельности, которой отводится 10 часов в неделю.

В сентябре-октябре 2011-2012 учебного года в школах проводились занятия во второй половине дня. Родители и учителя были удовлетворены таким положением. Из-за отсутствия финансирования из республиканского бюджета, нам пришлось отказаться от внеурочной деятельности в школах района. В Примерном учебном пла-не общеобразовательных учреждений РД на 2012 -2013 учебный год сказано, что «Организация занятий по направлениям раздела «Внеурочная деятельность» является неотъемлемой частью образовательного процесса в образовательном учреждении».

**(Продолжение на 2 стр.)**

# Рохалилаб ах1вал-х1алалда

Кидаго г1адин рохалилаб ах1вал-х1ал бук1ана т1оцебесеб сентябралда, К1удияб Ват1анияб рагъул г1ахьалчи, Дагъистаналъул мустах1икъав учитель, Мелъелт1а Сахрат Мух1амадовасул ц1аралда бугеб аслияб лъай кьеялъул школалда. Исана гьеб школалда ц1ализе вуго 83 ц1алдохъан, гьездасан исана т1оцебесеб нухалъ школалъул нуц1би рагьарал 8 гьит1ич1.

Лъаялъул къоялда хурхун т1обит1улеб байрам рагьана школалъул к1удияй вожатая Шагьрузат Къурбановалъ. Гьелъ к1алъазе раг1и кьуна гьеб школалъе 31 соналъ нухмалъи гьабула вугев Сайгидах1мад Исубовасе. Гьес рак1-рак1алъго баркана ц1алдохъабазда, хасго исана школалде рачарал гьит1ичазда, умумузда, учительзабазда, х1урматиял гьалбадерида Лъаялъул къо. Гьарана рохалилаб талих1аб г1умру, х1алт1улъ, ц1алулъ жеги т1адег1анал бергьенлъаби. Гьес жиндирго к1алъай ахиралде щвезабуна споргалъулъ, районалъулал олимпиадазда призалъулал бак1ал ккурал 18 ц1алдохъанасе Х1урматалъул грамотаби кьеялдалъун.

Лъаялъул къо к1одо гьабун т1обит1улеб байрам баркун «Гумбет район» муниципалияб районалъул нухмалъулезул ва лъайкьеялъул управлениялъул рахъалдасан к1алъана РУОялъул специалист Сурхай Сурхаев. Умумузул рахъалдасан баркигун к1алъана Мадина Мух1амадова ва т1оцебесеб классалъул учительница Рузмай Жанахъаева ва гь. ц.

Байрам жеги берцин гьабун бук1ана гьоркьо-гьоркьор ц1алдохъабаз х1арал сценкабаз, рик1к1арал коч1ол куплетаз. 9 классалъулаз т1оцебесеб классалъул гьит1ичазе кьуна рак1алде щвеялъул сайгъатал, Лъаялъул к1ул, «Букварь» ва амру гьабуна щуйил къиматазда ц1алеян.

Т1оцебесеб ц1умур кьабуна 9 классалъул ц1алдохъан З. Рах1матулаевалъ ва гьит1ичал квералги ккун 9 классалъул ц1алдохъабаз партабазда нахъа г1одор ч1езаруна. Т1оцебесеб дарс школалда кьуна «Терроризмалде ва бандитизмалде данде къеркьеялъул» темаялда.

Г1. Исламбиева.



**Мелъелт1а аслияб школалъул 9 классалъул ц1алдохъаби**

# *Терроризмалде данде къеркьеялъулъ цолъиялъул къоялда хурхун*




3 сентябрь Россиялдаго лъазабун буго терроризмалде данде къеркьеялъул цолъиялъул къолъун. Гьелда хурхарал тадбирал т1орит1ана нилъер районалдаги. Мелъелт1а гьоркьохъеб школалъул 2 классалъул учительница М. Анварбеговалъул х1аракаталдалъун гьеб школалда т1обит1ана рагьараб «классный час» «Экстремизму, терроризму, вахабизму – нет» абураб ах1иялда гъоркь.

Гьеб тадбиралда г1ахьаллъана 2 ва 4 классазул ц1алдохъаби, байбихьул классазул учительзаби П. Оцомиева, Н. Мух1амадова, Р. Г1умарова ва гь. ц.

М. Анварбеговалъ лъималазе бицана щиб жо кколеб экстремизм ва терроризм, ва гьединго бицана 28 августалда Ч1ик1аб росулъ ккараб ишалъул. П. Оцомиевалъ лъималазе бицана Беслан шагьаралда № 1 школалда 2004 соналъул 1-3 сентябралда ккараб вах1щияб терроралъулаб лъугьа-бахъиналъул. Данделъиялда г1ахьаллъарай Р. Г1умаровалъ рак1алде щвезавуна нилъер ракь-цояв, Мелъелт1а гьоркьохъеб школа лъуг1арав, террористазул квердасан хварав Мелъелт1аса Шамил Г1алиев. Гьединго ц1арал рехсана рагъулал тунка-г1усиясул г1ахьалчаг1и, нилъер районалъул милициялъул СОГалъул х1алт1ухъаби М. Г1абдунасировасул, Т. Амагаевасул, С. Мух1амадовасул. Ахиралда балагьана Дагъистаналда терроразул квердасан хварал шагьидазул х1акъалъулъ бахъараб видио-фильмалъухъ. Лъималазе к1удияб асар гьабуна гьениб бихьаралъ ва раг1аралъ.

**(Начало на 1 стр.)**

Там же сказано, что «Время, отведенное на внеурочную деятельность, учитывается при определении объемов финансирования, направляемых на реализацию основной образовательной программы».

Надеемся, что эта проблема будет решена в новом учебном году.

Новый уровень качества образования, может быть достигнут только при условии укрепления материальной базы школ. Необходимо оснастить ОУ современным оборудованием для выполнения образовательного стандарта. Рабочие места учителей начальных клас-сов нужно оснастить компьютерной техникой, классы - интерактивными досками и оборудованием для кабинетов начальных классов. Необходимо приобрести наглядного дидактического материала для обеспечения образовательной программы «Школа -2011 » (таблицы, раздаточный материал и пр.).

Новый уровень качества образования необходим для модернизации системы общего бразования. Однако он может быть достигнут только при условии регулярного **повышения профессионального уровня педагогов.**

Уровень образования педагогов района в целом достаточно высокий. Высшее образование имеют 73% учителей и 40% воспитателей. Высшую категорию имеют более 10% учителей, первую - 66 процентов. В 2011-2012 учебном году курсы повышения квалификации прошли 55 педагогических работников вместо 42 по плану.

Однако анализ итогов аттестации педагогических работников в 2011 году свидетельствует о наличии серьезных проблем у значительной части учителей. В республике 35% педагогов не получили квалификационных категории, из числа подавших заявление на прохождение аттестации. В 2011-2012 учебном году 19 педагогов района прошли аттестацию.

В школах немало слабых и очень слабых учителей. Такие учителя, работая в школе, и пять, и десять, и двадцать лет, не заявляют желание пройти аттестацию на получение категории. Получить 12-й разряд можно было безо всякой аттестации. Учителей, проработавших 20 лет без аттестации и повышения квалификации в российских школах до 40%.

Но жизнь идет вперед, появляются новые технологии, новые информационные массивы. Профессиональная пригодность учителя, ни разу не прошедшего аттестацию, вызывает сомнение.

Новый порядок аттестации предусматривает обязательную аттестацию педагогических аботников один раз в пять лет, которые добровольно не желают получить первую и высшую категории.

Как у врачей: раз в пять лет они должны подтвердить уровень своей квалификации.

Если учитель не подтвердил этого соответствия, не прошел обязательную аттестацию, его отправляют на курсы, а после них он еще раз проходит аттестационную процедуру на соответствие должности. Прошел - работай дальше. Если же и второй раз не подтвердил своего соответствия должности, то может быть уволен.

Это то новое, что появилось в порядке проведения аттестации в последние годы. Это закон и его надо исполнять руководителям образовательных учреждений. Нужно нам освобождаться от некомпетентных педагогических работников.

Однако на сегодняшний день из нашего района в региональную аттестационную комиссию подано ТО А явление на соответствие занимаемой должности.

Район нуждается в учителях русского языка, математики, информатики, английского языка, физики, химии. На приток квалифицированных молодых специалистов в образовательные учреждения влияет так называемый **двойной негативный отбор кадров,** характерный для российского образования. Это когда, в педагогические вузы идут не «по призванию», а в связи с тем что, не удалось поступить в более престижные учебные заведения. Лучшие выпускники педагогических вузов в силу низкой привлекательности условий труда (заработная плата, отсутствие пространства карьерного роста и т.д.) не идут работать по специальности. Кроме того значительная часть молодых учителей не закрепляются в системе образования.

Также важно, чтобы в школах работали сильные директора. От личности руководителя образовательного учреждения зависит уклад и работа учреждения. Современному директору школы нужны управленческие знания, он должен быть компетентным в юридических вопросах, а также быть психологически грамотным - уметь квалифицировано и тонко работать с кадрами.

Директор должен быть еще и хорошим учителем, способным в любое время дать коллегам мастер-класс, а значит, стать для коллектива учителем учителей. В итоге директор должен грамотно управлять двумя коллективами - детским и педагогическим, и так же грамотно работать с семьями учеников и социальными партнерами. **Хорошая или плохая школа - автор ее - директор.**

**(Продолжение следует).**

# Рекомендации августовского совещания работников образования Гумбетовского района

Участники августовского совещания рекомендуют муниципальному органу управления образованием, образовательным учреждениям в целях достижения основных направлений национальной образовательной инициативы «Наша новая школа»:

Продолжить внедрение федедального государственного образовательного стандарта начального общего образования. Активнее внедрять информационные технологии в управление и образовательный процесс, повышать компьютерную грамотность руководителей и учителей всех предметов.

Использовать опыт образовательных учреждений республики, успешно развивающих современные формы работы с одаренными детьми, создать в районе центр по работе с одаренными детьми, практиковать меры морального и материального поощрения талантливых детей.

Глубоко и всесторонне проанализировать итоги Единого государственного экзамена и Государственной итоговой аттестации выпускников девятых классов в новой форме, начать целенаправленную работу по подготовке к проведению экзаменов с первых дней нового учебного года.

Повышать качество и расширить набор услуг, предоставляемых дошкольными образовательными учреждениями, обеспечить реализацию федеральных государственных требований (ФГТ) к структуре основной общеобразовательной программы дошкольного образования, продолжить работу по развитию как традиционных, так и альтернативных форм дошкольного образования.

Обеспечить конституционное право на образование каждого ребенка, добиться полного охвата обучением детей школьного возраста. Обеспечить сохранение и дальнейшее развитие сети учреждений дополнительного образования в целях удовлетворения образовательных потребностей учащихся, организации полезной занятости их свободного времени.

Продолжить работу по укреплению материально-технической базы образовательных учрежений, развитию школьной инфраструктуры, добиться ее эффективного использования в образовательном процессе.

Участники совещания считают, что усилия каждого педагога должны быть направлены:

На формирование у школьников гражданской ответственности и правового сознания, патриотизма, духовности и культуры, толерантности, способности к успешной социализации в обществе, опираясь в этой работе на традиции народов Дагестана и России.

На формирование у школьников представления о порочности экстремизма как способа решения политических задач и форм отношений между людьми, о несостоятельности терроризма как средства достижения политических и идеологических целей, стойкого неприятия идеологии насилия.

На пропаганду социально значимых ценностей, воспитание у школьников чувства духовной и культурной общности со сверстниками, уважения к истории, культуре, традициям и религиям народов Дагестана и России.

Участники совещания выражают уверенность в том, что реализация национальной образовательной инициативы «Наша новая школа», программы модернизации системы общего образования обеспечит повышение качества обучения и воспитания подрастающего поколения, полностью удовлетворят их образовательные потребности.

**с. Мехельта, 30 августа 2012 года.**

Нижер гара-ч1вари

# Врачазул бригада росабалъ



*- Мух1амад, дагьаб цебег1ан т1обит1араб райадминистрациялъул заседаниялда, районалда сахлъи ц1униялъул суалалъухъ г1енеккулаго, аслияб к1вар кьуна врачазул бригадаби росабалъе г1адамазул сахлъиялъул бугеб х1алалъул хал гьабизе хьвадиялде. Т1орит1улел руго нужеца гьединал хал гьабиял. Бокьилаан бицине кире щварал ва кинал х1асилал ккаралали?*

- Буго нижер росабалъе хьвадизе бахъараб график. Хьвадулеб бригадаялде гъорлъе ккола терапевт, хирург, акушер-гинеколог, невропотолог, педиатр, ЛОР, УЗИ врачал. Цадахъ бук1уна лаборатория, ЭКГ, УЗИ аппаратал.

Ниж щвана районалъул гъутабазде. Гьенибе т1адеги «Гумбет район» муниципалияб районалъул бет1ер Мух1амадг1али Мух1амадг1алиевасул кумекалдалъун бачун бук1ана Ц1ияб Лак ЦРБялъул хьвадулеб флюорографиялъул аппарат.

Ниж щвана районалъул цо-цо росабалъеги. Щвеч1ого хут1ана Ц1аналъ, Кунзахъ, Ч1икь росабалъе.

Росабалъ аслияб т1адч1ей гьабуна лъаг1ел бач1ел лъималазул хал гьабиялде. 14 сон баразул, лъимаде ругел руччабазул ва зах1матго унтарал, бусадаса рахъине к1оларезул. Росабалъе хьвадун нижеца рихьизарула кинал унтарал сах гьаризе бегьулел амбулаториязда, участковиял больницабазда, щал рач1ине кколел райбольницаялде хал гьабизе ва регизе. Гьединго рит1изе кколел рит1ула республикаялъулал больницабаздеги.

*- Районалда г1емер руго г1оларел специалистал. Рес гьеч1ищ гьел цоги районаздаса, шагьараздаса ах1изе.*

- Гьеч1о уролог, окулист, рентгенолог, нарколог, психиатр, инфекционист, дермотолог, онколог, УЗИ- врачал. Бач1унеб соналъ х1алт1изе яч1ине къот1и гьабун буго окулисталъулгун. Гьаб сонална рач1ине руго уролог ва рентгенолог. Цогидал районаздаги гьелго г1унгут1аби руго. Гьединго гьаб соналъул 30 декабралде щвезег1ан х1алт1ула буго Президентасулаб программа «земский доктор» (1 млн. гъ.)

*- Росабалъ ругел участковиял больницабазул ва ФПязул ругищ хасал т1адкъаял ва т1алабал.*

- Унтаразе хъулухъ гьабизе районалда буго 14 фельдшерскияб пункт, 3 – ФАП, 4 участковияб больница ва ЦРБ. ФПязда ва ФАПазда т1адаб буго унтарав чиясе врач т1аде щвезег1ан кумек гьабизе. Жиндир заманалда лъималазда ва ч1ах1иязда привывкаби ва гьединго участковияв врачас кьураб кагъаталда рекъон амбулаторияб лечение гьабизе. Зах1матго унтарасде жиндир заманалда врач ах1изе. Гьенир бук1ине ккола хехаб кумек гьабизе х1ажаб щинаб дару. Моц1ие гьезие дараби росизе бихьизабун буго 850 гъурущ.

Участковиял больницабазда регизе бегьула зах1матал гурел, жидерго диспансералъулаб учеталда ругел унтарал. Гьединго участковиял больницабазе ихтияр буго райспециалистаз хал гьабун, назначениялги гьарун рит1арал регизе гьаризе. Участковиял больницабазда цо унтарасе, цо къоялъе бихьизабун буго даруялъе 80 гъ. ва квание 90 гъ.

Шагьаразда частный (жалго бет1ергьанал) клиникабаздеги ун хъван рач1арал хири-хириял дараби ч1езаризе гьезда т1адаб бук1унаро.

Баркала Мух1амад, гара-ч1вариялъухъ.

*Г. Гебеков.*

# Санитариябгун эпидемиязде данде ч1еялъул комиссиялъул данделъи

4 сентябралда районалъул администрациялда т1обит1ана санитариябгун эпидемиязде данде ч1еялъул комиссиялъул ва районалда туберкулезалде данде х1алт1иялъул советалъул цадахъаб данделъи. Гьеб данделъи ах1иялъе г1иллалъун ккана Ингишо росулъ туберкулез унтиялъул рагьараб формаялъул х1ужа бати, ва гьеб росулъ туберкулезалде данде х1алт1и гьабиялъул дандбай. Данделъиялда г1ахьаллъана комиссиялъул председатель Х1. Г1абдурах1манов, членал М. Сайгидах1мадов, С. Г1абдулкъадыров, С. Мух1амадов, Х. Г1алиева ва т1аде къабул гьарурал У. Загьидов ва М. Халидов.

Гьоркьобе босараб суалалда т1асан к1алъазе раг1и кьуна М. Сайгидах1мадовасе. Гьес бицана жакъа къоялде туберкулез унтиялъул районалда бугеб ах1вал-х1алалъул ва Ингишоб гьеб унтиялъул х1ужа батиялдалъун гьабула бугеб х1алт1иялъул. Комиссиялъул председатель Х1. Г1абдурах1мановас аслияб къаг1идаялда т1адч1ей гьабуна ингишдерил киналго 15ялдаса т1аде сонал арал г1адамал флюорография гьабизе районалъул поликлиникаялде рачине ккеялда. Гьесул биценазда рекъон жакъа къоялде 70 чияс гьеб гьабун буго.

Гьоркьобе босараб суалалда т1асан к1алъазе рахъана С. Г1абдулкъадыров, С. Мух1амадов ва гь. ц.

Киналго к1алъаяздаса хадуб комиссиялъ х1укму гьабуна туберкулезалъе профилактика гьабиялъулъ ЦРБялъул ва Ингишо росдал администрациялъул х1алт1иялъе лъик1аб къимат кьезе, росдал киналго г1адамаз флюоорография гьабиялъе росдал администрациялъ ва ЦРБялъ гьабулеб х1алт1и т1убазабизе. Гьединго Дагъистаналъул сахлъи ц1униялъул министерствоялда гьаризе цебегоялдаса г1одоб лъун бугеб флюорография гьабулеб аппарат т1ад бугеб автомашина къач1азе кумек гьабеян ва туберкулезалъ унтарал сах гьаризе риччалел дараби г1ураб къадаралда кьеян. Комиссиялъул х1укму т1убаялда хадуб хъаравуллъи гьабизе ЦРБялъул бет1ерав врач М. Сайгидах1мадовас.

**С. Мух1амадов.**

# Терроризмалде данде къеркьей кутаклъизабилин!

29 августалда централияб библиотекаялда т1обит1ана культураялъул х1алт1ухъабазул семинар –совещание. Гьениб г1ахьаллъи гьабуна районалъул росабазул культураялъул учреждениязул директорзабаз ва библиотекабазул заведующияз.

Данделъи рагьана ва гьелъул мурад бицана РДНТялъул директор П. Ух1умаевас, библиотекабаз х1алт1и г1уц1изе кколеб къаг1идаялъул, библиотекаялде рач1аразе хъулухъ кин гьабизе кколебали бицана МЦБСалъул директор С. Г1абдулмут1алибовалъ. Гьениб борхана киназулго рах1ат хвезабураб терроризмалъул суалги.

Ахиралда Ч1ик1аб ккараб терракталъул х1асилалда т1арикъаталъул устар щайих Саг1ид-афанди рак1алде щвезавуна киналго т1адеги рахъун. Бихьулеб бук1ана гьенире данделъарал киназего ахиралда ккараб терракталъ к1удияб бак1аб, х1ехьезе к1олареб асар гьабун бук1ин. К1алъазе рахъараз гьеб загьир гьабулебги бук1ана.

Ахиралда гьениб х1укму гьабуна киналго культураялъул учреждениязда терроризмалде данде гьабулеб х1алт1и кутаклъизабизе. Дибирзабигун, г1алимзабигун, росдал администрациягун цадахъ лъугьун халкъалъе бич1ч1и кьеялъул тадбирал т1орит1изе.

**Исрапил.**

# Росдал маг1ишаталъул продуктал г1езарулезе баяналъе

Гьаб соналъул 27-28 сентябралда «Апельсин» Торгово-выставочный комплексалда, жибги Мах1ачхъала шагьаралъул Насрудиновасул къват1алда бугеб, бук1ине буго росдал маг1ишаталъул кванилал ниг1матазул, лъимазул, машинабигун оборудованиязул ва цогидазулги регионазда гьоркьосеб анц1абилеб агропромышленнияб выставка «Дагпрод-экспо – 2012».

Выставкаялда г1ахьаллъи гьабизе буго республикаялъулги, республика тун къват1исаги вакилзабаз. Жидерго продукция бихьизабизе бокьараз ва цогидазул х1албихьиялдасан пайда босизе бокьараз гьеб выставкаялда г1ахьаллъи гьабизе бегьула.

Т1адеги информация къварig1арав ине бегьула гьаб адресалда: 367003, г. Мах1ачхъала, ул. Ирчи Казака, 31, офис 221, РВМЦ «Дагестан ЭКСПО» т./факс (8722)62-90-35, тел. 62-89-04, 56-51-66, 8-906-482-1760, 89285254640.

***Райадминистрация.***

# Къо – мех лъик1 ясли – ах

Рохалилаб ах1вал-х1ал бук1ана 22 августалда Килалъ «Чебурашка» ясли-ахалда. Гьениб т1обит1улеб бук1ана ясли-ахалъулгун ч1ах1иязул группаялъул лъималаз къо лъик1 гьабиялъул, гьел школалде рег1иялъул х1урматалда утренник. Исана гьеб ясли-ахалдаса школалде бит1ана 7 лъимер. Гьит1ичазул утренникалда рук1ана гьезул улбул, т1аде ах1арал ва ясли-ахалъул тарбия кьолел чаг1и. Утренник рагьана ва гьеб бачана группаялъул тарбиячч1ужу Исламг1алиевалъ ва гьелъ к1алъазе раг1и кьуна ясли-ахалъул заведующая Курсанат Х1абибовалъе.

- Гьале т1аде щвана нужергун къо-мех лъик1 гьабулеб заман. Нужеца гали лъолеб буго ц1ияб г1умруялде – нижер выпускникал»- ян абуна гьелъ. Заман хехго уна цебехун – нужер лъуг1ила школа, хадур институтал, рахъина врачал, учительзаби, росдае, районалъе, дагъистаналъе пайда бугел г1адамаллъун. Нижер божи буго нужеда к1оченарин нилъер лъималазул ах, тарбиячаг1и ва нужер г1умруялъул т1оцебесеб выпускной бал.

Утренник байбихьаралдаса лъуг1изег1ан лъималаз рик1к1ана воспитательзабазе рак1-рак1алъулаб баркалаги кьолаго коч1ол куплетал, гьаруна бат1и-бат1иял кьурдаби, ах1ана куч1дул. Утренникалда к1алъазе яхъана умумузул рахъалдасан Пат1имат Жабирова. Ахиралда ясли-ахалъул заведующая Курсанат Х1абибовалъ школалде нухда рег1улезе кьуна ясли-ахалъул рахъалдасан сайгъаталги.

Утренник ана аваданаб ах1вал -х1алалда.

**Нижер мухбир.**

Халкъияб медицина

## Язваялъе кумек гьабула

Бат1и-бат1иял унтабазе дару гьабулагоги, кванил низам ц1унугут1иялъги ва цогидалги бат1и-бат1иял г1илабаз рачине бегьула кванирукъалда язва унти ккеялде. Гьеб сах гьабиялъе халкъияб медицинаялъул руго г1емер бат1и-бат1иял къаг1идаби.

Гьале гьезул цояб:

Босила 100 гр. какао, 350 гр. алоэ, щунус-нус грамм сливочнияб нах, изюм ва ц1улакьо. Гьеб кинабго биччала гьан ххенолеб машинаялъусан ва жубазабула 500 гр. гьоц1огун. Т1оцебесеб анкьалда кваналелде 20 мин. цебе гьелъул цо чайдул гьуд кванала къоялда жаниб лъабго нухалда. Хадубккун гьелъул х1алт1изабила цо-цо столовияб гъуд цебеккун гьабулеб бук1араб къаг1идаялда.

## Пинкьал инарула

Г1емерисел г1адамазул, х1ат1азул килщазда лъугьуна пинкьал. Халатккун рилълъунаго гьелъ к1удияб т1аг1ам бахъи гьабула, унтула ва хехго свакала. Гьел инариялъе х1алт1изабизе лъик1аб буго лимоналъул хъал ва рак1. Х1ехьезе к1олеб бух1араб лъадалъ х1еккинабула х1ет1е. Бакъвазег1ан бац1ц1уна полотенцаялъ ва пинкь бугеб бак1алда т1ад лъола, макъаралда гъоркьеги ккезабун, лимоналъул рак1. Щуго къоялдасан пинкь бук1араб бак1цин лъаларо.

Цо-цоязул х1ат1ил к1удияб килщил малъ гьаналъехунги х1алт1ула, ва гьелъ квешаб унтиги кьола. Добго къаг1идаялъ, бух1араб лъадалъ х1еккинабила малъ ва гьелда т1ад биун къват1ибе чвахиларедухъ, чехол гьабураб г1адин лъела сливочнияб нах. К1иго анкьидасан малъ тамахлъула, ва гьеб гьанадаса бич1ула.

# Г1ИНТ1И - КЪУВАТАБ ДАРУ

Инсанасул черхалъе х1ажатал витаминал гьарзаго рук1уна г1ин1тидулъ. Хасго ц1ик1к1ун гьелда гъорлъ бук1уна витамин С-50-100 миллиграмм ва гьеб бищун ц1ик1к1араб ккола цогидал пихъазулъ бук1унелдаса.

Цо-цо тайпаязулъ гьеб жеги ц1ик1к1унги бук1уна. Г1аммаб куцалъ босани, гьеб г1инт1идул ц1айиялъул 2-4 проценталда бащалъула. Инсанасе сордо-къоялъ х1ажалъула 50 миллиграмм С витаминалъул. Гьеб х1ажалъи хьезабиялъе г1ола 10-15 грамм бакъвараб г1инт1идул.

Ц1ик1к1ун С витамин бук1уна г1инт1идул хъарахъалъул т1огьисел г1исинал т1анчал хьит1арал ругони. Г1инт1и бечедаб буго гьединго Р, В-2 ва К витаминаздалъунги, г1ечул ва лимоналъул ц1ек1лъабаздалъун, 18 проценталде щвезег1ан рук1уна чакаралъул тайпаби, пектинал ва цогидалги чорхое пайдаял жал. г1инт1идул пихъалдаса бахъула г1емер витаминал гъорлъ ругеб лъамалъи. Гьелъ сах гьарула чехь-бакьалъул ругъназ. Гьеб х1алт1изабула ццидал лъим бач1инабиялъе бат1и-бат1иял гьороял сах гьариялъеги.

Г1инт1идул лъамалъиялъ ц1ик1к1инабула рахунел унтабазде данде чорхол иммунитет, лъик1аб асар гьабула рак1алда жо ч1унгурт1илъуг1изабиялъе, ч1езабула би чвахи, сах гьарула бидурихьал.

Тибеталъул медицинаялда г1инт1иялдаса пайда босула туберкулез, бидурихьазул, нервабазул унти сах гьабиялъеги.

Киназдаго лъала гьелъул квачалъул унтабазе дару бук1унеблъиги. Гьелъие лъик1аб бук1уна хадусеб малъа-хъвай: 5 гъуд г1исин гьабураб бакъвараб г1инт1иялде т1ела литр ц1орораб лъел. Ц1еда лъун гьализабила 10 минуталъ, цинги т1ад т1алъел лъолеб ц1араг1алда жани т1ок1к1ине тела 8-10 саг1аталъ. Гьекъола лъамалъи радалалдаса регизег1ан 2-3 саг1аталдасан цо-цо стакан. Гьекъезе бегьула гьеб чай х1алт1изабулеб х1исабалда вареньегун, гьоц1огун, чакаргун. Сахлъизарулеб къуват ц1ик1к1уна нужеца г1инт1идул дару щибго жо кванач1ого х1алт1изабулеб бугони. К1очонтоге гьеб гьекъон хадуб к1ал ххулизе г1инт1идул кислотаялъ хвезабула г1усазул эмаль. Грипп т1убанго ине г1инт1идул т1ок1к1ел гьекъезе ккола т1убараб анкьалъго. Кумек гьабула г1инт1иялъ ургьисалаби рац1ц1ад гьариялъе. Гьелъие ц1акъ лъик1ал рук1уна г1инт1идул г1олохъанал кьалбал гьел рахъула ихдал, ялъуни хасалихъе. Чурила, къот1ила 1 см. ругел кескаде, ракъвазарила. 6 столовый гъуд кьалбазде т1аде т1ела 3 стакан гьалараб лъим, гьализабила жеги 15 минуталъ. Гьекъола дару бух1илаго 3 нухалъ кванан хадуб. Г1инт1иялъ ургьисалабаздаса къват1ибе бач1инабула сали, лъик1лъула чорхол г1аммаб х1ал, лъалаго ц1ик1к1уна къуват.



Г1инт1идул кьалбаздасаги пайда босула бидул чвахи ч1езабиялъе, ццинал̆ъул х1алт1и лъик1лъизабиялъе, заралиял микробазул унтабаздаса черх ц1униялъе. Гьелъго ургьисалабазулъ рук1унел ганч1алги риинарула. Кьалбазул лъамалъиялдаса черх чуриялъеги пайда босула бохдузул заг1иплъи ялъуни паралич ккун бугони, ваннаялъубе бух1араб лъелъе гьебги т1ун. Гьализабун г1инт1игун гьелъул лъугьараб лъамалъиги т1ун хинаб лъел ваннаялъур регула гьураз лугби ккун ругони.

Г1инт1идул т1амхил лъамалъиялъулги буго микробазде данде ч1олеб ва унти сасинабулеб хасият. Пайда босула чехь-бакьалъул унтаби сах гьариялъеги.

Аптекабазда бичулеб бук1уна г1инт1идул хьоналъул бахъараб нах. Гьелда гьоркьобин абуни, гьарзаго бук1уна каротин. Гьединаб нах бахун сахлъизарула рух1арал бак1ал, ругънал.

Бак1аризе ккола лъик1го барщараб г1инт1и. Бакъвазабизе лъик1аб буго бак1арарабго ва х1адур гьабизе ккола пихъ ц1оролелде, щайгурелъул, ц1орораб пихъилъ витаминал хола. Бакъвазабилалде цебе г1инт1и чурула, бец1ц1изеги тун т1еренаб хъал гьабун раг1дукь гьури ч1валеб бак1алда т1ибит1ула.

Лъамалъи гьабиялъе кванил гъуд ц1ураб г1инт1иялде т1ола 1 литр лъел ва сасараб ц1аялда чинидул ц1араг1алъуб гьализабула 10 минуталъ ва сордо-къоялъ тола. Гьелда гьоркьобе 4-5 кванил гъуд чакарги бан гьализабуни, сироп лъугьуна.

## Вагьабова Г1ашура Абакаровна

**29 августалда 77 соналъул г1умруялда нилъедаса ят1алъана Килалъ школалда 43 – соналъ х1алт1арай г1урус мац1алъул учительница Вагьабова Г1ашура Абакаровна. 1937 соналъ к1иялго умумуздасаги ят1алъун 3-го сон барай Г1ашура ккана Хунзахъ лъималазул рукъое (детдомалде). 1958 соналъ Хунзахъ гьоркьохъеб школаги лъуг1изабун гьей ц1алана Буйнакскиялъул педагогическияб училищаялда. 1966 соналъ Г1ашураца лъуг1изабуна Мах1ачхъалаялда педагогическияб институтги. Гьелдаса нахъе 2009 соналде щвезег1ан Г1. Вагьабова рак1бац1адго х1алт1ана Килалъ гьоркьохъеб школалъул г1урус мац1алъул учительницалъун. Г1ашурае х1алт1улъ росарал бергьенлъабазе г1оло щвана г1емерал шапакъаталги, дирекциялъул, умумузул, гьелъул ц1алдохъабазул рахъалдасан г1еме-г1емерал баркиялги. Гьелъул бет1ергьанчи Шамил Мух1амадовги вуго муг1алим. Жакъа къоялъги гьев х1алт1улев вуго Килалъ гьоркьохъеб школалда.**

***Лъай кьеялъул управлениялъул х1алт1ухъабаз ва Килалъ школалъул учительзабазул коллективалъ загьир гьабула гъваридаб пашманлъиялдалъун зигар Г1ашурал г1агарлъиялда ва Шамил Мух1амадовасда Г1ашура г1умуруялдаса ят1алъиялда бан.Аллагьас ахират лъик1аб кьун батайги.***

---

**Халат бахъараб унтадаса хадуй г1умруялдаса ят1алъана гьунар т1ок1ай педагог, насих1ат ч1ужу, гьайбатай ч1ужуг1адан Вагьабова Г1ашура Абакаровна. Г1. А. Вагьабова гьаюна Гумбет районалъул Килалъ росулъ 1934 соналъ. Гьелъул лъимерлъи ана Хунзахъ лъималазул рукъоб, гьенибго лъуг1изабуна школа-интернатги. Ц1алана Буйнакскиялъул педучилищеялда, Дагъистаналъул Пачалихъияб пединститутalда. Гьебги лъуг1изабун яч1ана х1алт1изе г1агараб Килалъ росдал школалде г1урус мац1алъул ва литератураялъул учительницалъун. Г1ашурал г1умру лъималазе тарбия лъай кьеялда т1ад ана. Росдал жамг1ияб г1умруялъулъги тана гьелъ к1удияб бут1а. 1968 соналъ гьелъ бет1ерлъи гьабуна росдал советалъеги 4 соналъ, йищана чанго нухалда росдал Советалъул ва райсоветалъул депутатлъун. Г1ашура йик1ана педагогикияб зах1маталъул ветеранлъун. Г1умруялъул ахирал соназдe щвезег1ан гьабуна гьелъ рак1 бац1адго учительлъи. Т1орит1ана г1умрудул нухалде тарбия лъай кьун чанго г1елалъул г1олилал. К1удияб пагьму-гьунар, г1адамал асир гьарулеб махщел бук1ана гьелъул. Ниж, гьелъул ц1алдохъабазда, кидаго к1оченаро гьелъул х1еренлъи, к1удияб махщалида нижее кьурал дарсал.**

***Гьелъул рук1арал ц1алдохъабазул къукъа.***

## Ичич1алиса мунагьал жиндир чураяв Г1абдулх1алимиде

**Къоло микьабилеб февралалъул къо,**
**Кида к1очон телеб дур лъималазда.**
**Валиял къанщулеб арбаг1 сордаялъ,**
**Кьабуна дуй ц1умур ахираталде.**
**Ума унтун йигин дару ц1ехолев,**
**Дагьав цеве гурищ вихьун вук1арав.**
**Элъийилан абун тухалги гьабун,**
**Дуего къач1алев вук1ун вуго мун.**
**Хъулухъ гьабун г1умру цадахъ т1амурай,**
**Ума босной йиго чапун т1аг1уней.**
**Дур лъабайго ясги цо вугев васги,**
**Эменги ват1алъун пашманго руго.**
**Дуеги рокьулел, мунги вокьулел,**
**Лъималазул лъимал, васалгун ясал,**
**Тухум цебе ц1алев цевехъанги ун,**
**Ургьир г1одулаго г1одор ч1ун руго.**
**Расул, Х1абиб, Чупалав лъабавгоги дурц,**
**Жидеца кидаго васлъи гьабурал,**
**Вакьад-эмен анин бут1рулги къулун,**
**Кверкьовул сверуда сих1 къот1ун руго.**
**Эхеб унеб г1орлъун маг1у т1униги,**
**Къадар хъван арав мун нахъ вуссинаро.**
**Духъ урхъун кутакалъ рак1 бианиги,**
**Т1ок1аб раг1иларо дур гьаракь гьезда.**
**Эбел-эмен рихьун чучун ватила,**
**Т1улилавгун цадахъ рак1гъун ватила,**
**Г1ололъго шапарай Асмаги йихьун,**
**Элъул хьолбохъ к1усун ч1ух1ун ватила.**
**Дуй г1адаб зикруги, къулгьу-алх1амги,**
**Г1емерав чиясе щолеб жо гуро.**
**Ичич1алибг1адин хвел к1одо гьаби,**
**Бати щакаб буго сверухъ росабалъ.**
**Дур Исмаг1елида хьолбохъ к1усарал,**
**Къойил к1иго нухалъ хабаде щварал,**
**Зикру-дуг1аялда жал г1ахьаллъарал,**
**Гьал г1олохъабазе баракат щваги! Амин!**
**Х1укму Аллагьасул кьури гьеч1еб жо,**
**Хвелги инсанасе х1акълъун т1адаб жо,**
**Рек1ее иман кьун, чорхой сахлъи кьун,**
**Ахират къач1азе къуват кье Аллагь! Амин**

***Хъвана Ичич1али байбихьул школалъул учительница Х. Мух1амадовалъ.***

## Мунагьазул х1акъалъулъ х1адисал

«Ургъунго дир ц1аралдасан гьереси бицарав чи виччанте жужах1алъуве ине». **(Ах1мад).**

* * *

«Алжаналде лъугьине гьеч1о, жиндир рек1елъ мискъал ч1ух1иялъул бугев чи». **(Бухари)**.

* * *

«Лъица бук1аниги кинаб бук1аниги т1аг1елалъ живго жинцаго ч1вани, гьеле гьеб т1аг1елалъ кьезе буго гьесие Аллагьас диван къот1улеб къоялъ г1азаб». **(Бухари ва Муслим).**

* * *

«Аллагьас наг1ана кьуна ришват кьолесеги ва гьеб босулесеги». **(Тирмизи).**

* * *

«Лъабгоял жанире лъугьунаро Алжаналде: эбел-инсул рак1 бакъвазабулел, ч1ужуялъул мекъаб г1амал бихьараб мехалда руц1ц1ух1ун ч1олел ва ч1ужуг1аданалда релъун г1умру гьабулел». **(Таким, Байхаки).**

* * *

«Ц1уне к1ващул т1ирабаздаса, т1алаб гьабе рац1ц1алъи, щайгурелъул хабалъ гьеб сабаблъунги г1азаб бук1уна». **(Дарукутни).**

Редактор: С. Мух1амадов телефон:26-254 Адрес: 368930 Гумбет район, Мелъелт1а росу, редакция

Жавабияй секретарь Къ. Х1адисова Корреспондентал: Г1. Исламбиева, И.Заирбегов, Г.Гебеков телефон: 26-415

Набор: М.Мух1амадовалъул Верстка: Р.Зулумхановалъул Газета кьабуна «Лотос» типографиялда Типографиялъул адрес: Мах1ачхъала, Петр I- ясул проспект, 61

Газета г1уц1арал: Гумбет районалъул администрация. Учредители: Гумбетовская районная администрация и редакция газеты

Индекс: 51351 тираж: 1790 Газета къват1ибе биччазе гъулбасана 16 с. 00 Заказ №____

Газета зарегистрированна в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал х1ужабазул, ц1аразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жавабал кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.